

Fon Mitigasyon FEMA a ede pwopriyetè kay yo rebati pi solid

Release Date: Mas 31, 2023

LAKE MARY, Fla. – Plis pase 50,000 pwopriyetè Laflorid te resevwa lajan nan men FEMA pou rebati kay yo pi solid apre siklòn lan.

Kòm yon pati nan angajman li pou ogmante rezistans, FEMA te bay \$37.3 milyon dola jiska dat pou asistans pou mitigasyon pwopriyetè kay yo.

Pwopriyetè kay ki apwouve pou asistans reparasyon kay atravè Pwogram Endividi ak Fanmi ajans lan ka resevwa lajan anplis pou plizyè [mezi rediksyon](#). Yo bay finansman pou mezi mitigasyon pou rezidans prensipal pwopriyetè yo okipe yo ak atik espesifik ki andomaje yo epi kòz domaj yo.

Paske dezaz ka rive san atann, pran mezi pou ranfòse, repare ak rekonstwi, enpòtan anpil pou kominote ak rezistans pèsònèl. Mezi mitigasyon sa yo ka kouvri pou aplikan ki elijib yo :

- Reparasyon do-kay pou kenbe tèt ak pi gwo vitès van epi ede anpeche enfiltrasyon dlo.
- Leve yon aparèy chofaj dlo oswa yon gwo founo dife pou evite domaj inondasyon nan lavni.
- Leve oswa deplase yon panèl elektrik pou evite domaj inondasyon nan lavni.

Mezi sa yo pral pèmèt pwopriyetè kay yo diminye domaj nan katastwòf alavni ak chans pou asistans federal nan lavni ki ap nesèsè.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre Siklòn lan, vizite floridadisaster.org/info and fema.gov/disaster/4673. Swiv [FEMA Region 4 \(@femaregion4\)](#) / [Twitter](#) ak sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 1 of 1